



# ÈSKE YON RANDEVOU AK YON FOUNISÈ JENETIK AP BON POU FANMI W?

Pafwa se chanjman nan jèn nou yo ki lakòz pwoblèm sante yo. Founisè jenetik yo ap ede fanmi yo konnen si chanjman jenetik yo ka esplike pwoblèm sante fanmi yo a epi kòman yo kapab pi byen pran swen fanmi an.

## Sa kapab ede pou w pale ak yon founisè jenetik si ou gen enkyetid sou ...



Fason timoun ou an pale, bouje oswa aprann



Fason timoun ou an grandi, oswa diferans nan aparans oswa fonksyonnan kò li



Koz pwoblèm medikal timoun ou an tankou otis, tande oswa wè, malfòmasyon nan kè oswa pwoblèm dijestif.



Timoun ou an gen anpil pwoblèm medikal nou pa ka eksplike

## OSWA



Si yo te di oumenm oswa patnè w la nou ka gen plis chans gen yon timoun ki gen pwoblèm sante



Si yon manm nan fanmi w gen yon maladi jenetik oswa rezulta yon tès te endike li ka gen yon maladi jenetik



Si w ap mande tèt ou si pwoblèm medikal fanmi ou kapab gen yon esplikasyon jenetik ak/oswa vle di lòt manm nan fanmi an gen gwo risk pou yo gen pwoblèm sante

## Eskane kòd QR la oswa vizite sit entènèt nou an pou w ka jwenn repons ak kesyon yo poze souvan yo tankou:

- Kòman pouw aprann plis sou fason devlopman timoun ou an ka konpare ak pa lòt timoun
- Ki kote ou kapab jwenn sipò
- Kòman pou w jwenn yon founisè jenetik
- Kòman pou w jwenn enfòmasyon sou kouvèti asirans
- Kòman ou kapab pran swen timoun ou an pi byen tank I ap vin pi gran



<https://nymacgenetics.org/newyork/>



[nymacgenetics.org](http://nymacgenetics.org)



[facebook.com/NYMACGenetics](https://facebook.com/NYMACGenetics)



[bit.ly/NYMACyoutube](https://bit.ly/NYMACyoutube)

Rezo Jenetik Rejjonal Karayib Mid-Atlantik New York la (New York Mid-Atlantic Caribbean Regional Genetics Network, NYMAC) la pou ede fanmi yo jwenn aksè ak sèvis ansanm ak enfòmasyon jenetik yo bezwen yo.